**Ҳикояларда ҳаётий ҳақиқатни ифодалашда сюжет маҳорати (Я.Ажимов ижоди мисолида)**

**Утамбетова А.Ж.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*

Мақолада қорақалпоқ прозасида анча вақтлардан буён ўз ҳиссасини қўшиб келаётган ёзувчи Я.Ажимовнинг «Шопан қыздың дәптери», «Жылдырым» ва сатирик жанрда ёзилган «Мәкемеден бир адам», «Лақап» ҳикояларин асосланиб, ундаги сюжет тузиш, конфликт, композицион қурилиши ҳақида гап боради. Шунингдек, «Шопан қыздың дәптери» ҳикоясининг адабий қаҳрамонлик дафтари шаклида ёзилганлиги, шу билан бирга сюжетнинг ҳақиқийлиги ва ўзига жалб қилиши, ҳақиқатнинг кўзга ташланиши, ижоддаги ҳар қандай бадиий психологик тасвирлар бўлган диалоглар, ички монологлар, ҳаракатларнинг ишончли тарзда, ўз-ўзидан турмушда бўлгани каби тасвирланишлари мисоллар билан аниқланиб, «Жылдырым» ҳикоясида адабий қаҳрамоннинг муҳаббат йўли аниқ сюжетлик деталлар билан очилганлиги тўлиқ ўз далилини топган.

**Мастерство сюжета, отражающего истинную сущность жизни в рассказах (творчество А.Ажимова)**

**Утамбетова А.Ж.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье говорится как в каракалпакской прозе со временем проявляет свой вклад писатель Я.Ажимов, основываясь на рассказах «Шопан қыздың дәптери», «Жылдырым», «Мәкемеден бир адам» и «Лақап», написанных в сатирическом жанре, составить сюжет, композиционное построение конфликтов поколения. Также было доказано, что повесть «Шопан қыздың дәптери» написана в форме литературных героических книжек, что сюжетная реалистичность и привлекательность, раскрытие истины, диалоги, содержащие всевозможные физические и психологические изображения, внутренние монологи, примеры действий, описываемых в уверенном состоянии как будто бы в жизни, повесть «Жылдырым» описывает любовный путь литературного героя как сюжетное событие.

**Mastery of the story, reflecting the true essence of life in stories (The work of A.Azhimov)**

**Utambetova A.J.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

The article speaks about how in the Karakalpak prose with time the writer Y.Azimov manifests his contribution, based on the stories «Шопан қыздың дәптери», «Жылдырым», «Мәкемеден бир адам» and «Лақап» written in the satirical genre, to compose a plot, a compositional construction of generational conflicts. It was also proved that the novel «Шопанқыздыңдәптери» is written in the form of literary heroic books, that the plot realism and attractiveness, disclosure of the truth, dialogues containing all kinds of physical and psychological images, internal monologues, examples of actions described in a confident state, as if in life, were appreciated, the novel «Жылдырым» describes the love path of the literary hero as a plot event.

---

# ҚАРАҚАЛПАҚ ЛИРИКАСЫНДА ШЫҒАРМА КОМПОЗИЦИЯСЫН ҚУРЫЎДАҒЫ УМТЫЛЫСЛАР

**Тлеуниязова Г.Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ лирикасының дәслепки үлгилери болған аўызеки әдебияттағы терме ҳәм толғаўлар, халық қосықлары композициясы уйқас ҳәм бууын санлары теңлиги сакланған ҳалда, бармақ өлшемине қатаң тийкарланғанлығы, көркем сүўретлеў усылларына байлығы, дидактика ҳәм сүўретлеўшиликтиң басымлығы, пикирди жеткерип бериўдеги әпиўайылық ҳәм избе-излиги менен өзгешеленип турады. Бул дәстүрдеги композициялық қурылыс қарақалпақ терме ҳәм толғаўлары, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шығармаларынан баслап Ж.Аймурзаев, А.Дабылов, С.Нурымбетов, Т.Жумамуратов ҳәм т.б. лирикасында өнимли қолланылды ҳәм Х.Дәўлетназаров, К.Каримов, Мухаммед Хошан ҳәм т.б. дөретиўшилигинде елеге шекем даўам етип киятыр. ХХ әсирдиң 30-жылларына шекем усы формадағы композициядағы қосықлар орыс әдебияты арқалы кирип келген жанрлар ҳәм ой-пикирди жеткерип бериў усыллары тәсиринде бираз жетилисти. Әсиресе, 1970–1980-жылларда қарақалпақ лирикасы ҳәр тәреплеме раўажланды ҳәм композиция қурыўдағы изленислер шайырлар дөретиўшилигинде әпиўайылықтан қурамалылыққа бағдар алды. Жәмийеттеги тарийхый шәраятлар көркем ойлаўда да жаңалықларды пайда етти ҳәм ой-пикирди жеткерип бериўдеги метафора-символикалылық ен жайып, форма саласында турақлы қәлиплерден қашыў, ҳәр түрлиликке, еркинликке умтылыў пайда болды. Бул өз гезегинде композициялық усыллардың да раўажланыўына алып келди. Шайырлар бир-бирине усамайтуғын, бири бирин қайталамайтуғын жаңа композициялық усылларды, жаңа формаларды лирикада сынап көрди. Бул бағдарда Қ.Оразымбетовтың,

А.Досымбетованың, О.Гайлыевалардың изертлеўлеринде көркем формалардың раўажланыў мәселеси шеңберинде баҳалы илимий пикирлер, тужырымлар ҳәм жуўмақлар берилген [1]. Солай етип, қарақалпақ лирикасындағы қосық композициясының эволюциясы ерте дәўирдеги жазба әдебий естеликлерден баслап, аўызеки әдебият жанрлары, Шығыс ҳәм Батыс поэзиясы дәстүрлери қурамындағы қосықлық көркем бирликлер ҳәм жеке шайырлардың қосық дөретиў шеберлиги менен байыған ҳалда, бүгинги күндеги шайырлардың изленислеринде өз раўажланыўын тапқан.

Ҳәзирги дәўирге келип ой-пикирди жеткерип бериўдеги ең қурамалы композициялық усыллар, сүўретлеўдеги модернистлик ҳәм постмодернистлик бағдардың жетекшилиги, лирикалық тилдиң метафоралығы ҳәм символикалылығы, форма таңлаўдағы еркинликке умтылыў сыяқлы өзгешеликлер шайырлардың индивидуаль стилинде айқын көзге тасланады. Композиция автордың көркем нийетине сай түрде әдебий шығарманың мазмунын ҳәм формасын бир пүтинлик сыпатында шөлкемлестириўге хызмет етеди. Лирикадағы композициялық пүтинликти тәмийинлеўде онда сәўлеленген поэтикалық идея дөретиўшиниң индивидуаль стили менен байланыста болады, бунда автордың көркем тоқымасы, жекке көзқарасы, интеллектуаль дәрежеси ҳәм шайырдың шеберлиги айрықша роль ойнайды. Солай етип, лирикалық шығарма композициясындағы көркем пүтинлик шайырдың индивидуаль стилиниң жемиси болып табылады.

Әдебияттаныўда «форма менен мазмун бир органикалық бирикпениң еки тәрепи...» [2:22] екенлиги тастыйықланған ҳәм қәлеген көркем шығарма мазмун менен форманың пүтинлигинде өзиниң ҳақыйқый көркемлилигине ериседи. Көркем шығарманың композициялық пүтинлиги усы мазмун ҳәм форманың нәтийжесинде пүтинликке айланған материалдың (сөздиң) қурылыў, шөлкемлесиў формасы. Сонлықтан, қәлеген көркем шығарманың композициялық пүтинлиги дөретиўшиниң көркем нийети тийкарында әмелге асыралады. Бул өз гезегинде дөретиўшиниң индивидуаль стилине тиккелей қатнаслы. Ал, «ҳәр бир жеке әдебий стильди миллий мәденияттың қүдиретинен ҳәм раўажланыў жағдайынан туўылған қубылыс сыпатында қарастырыў лазым» [3:71-72]. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында *«миллий мәденияттың қүдиретин ҳәм раўажланыў жағдайын»* өзиниң индивидуаль стилинде жәмлеген шайырлардың композициялық пүтинликти тәмийнлеўде үш тийкарғы умтылысы көзге тасланады:

– биринши топардағылар лирикалық шығармада ой-пикирди жеткерип бериўде эпиўайы дәстүрий халықлық қосық қурылысына тән композицияны қолланады. Бунда лирикалық шығарма өзиниң ҳәммеге түсиниклилиги, музыкаға түсиў имканияты жоқарылығы менен ажыралып турады;

– екинши топардағылардың умтылысларында ой-пикир еркинлиги тенденциясы жетекшилик етеди. Бул өз гезегинде формаға да тәсир етип, қарақалпақ лирикасында еркин қосық үлгисиндеги, модернистлик хәм постмодернистлик ой сүриў бағдарындағы композициялық пүтинлик пайда болды. Оның баслаўшылары С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов, Ш.Сейитов, Ш.Аяпов ҳәм т.б. болды;

– дәстүрий қосық үлгиси менен Батыстың еркин қосық үлгисин синтезлеп, пикирди жеткерип бериўде ҳәр бир сөзге образлылық жүклеп, қарақалпақ лирикасын миллийлигин сақлаған ҳалда жәҳәнниң заманагөй лирикасы менен үнлесликке жеткериўге тырысып атырған және бир көркем умтылыс арқалы да бир топар шайырлар өзине жаңа жол сала алды. Б.Генжемуратов өзиниң 2000-жыллардан кейинги лирикасында усы өзгешеликти баслап берген болса, ҳәзирги күнде социаллық тармақ ҳәм күнделикли баспасөзде әжайып туўындылары менен А.Сәтбаев, А.Қосымбетова ҳәм т.б. қәлем тербетип киятыр.

Халық аўызеки дөретиўшилиги, жазба әдебият үлгилериндеги қосықлар, Шығыс әдебияты жанрларының композициялық қурылысын өзинде жәмлеген дәстүрий композициялық пүтинликте дөретиўшилик еткен шайырлар қарақалпақ лирикасының тийкарғы ҳәм көпшилик бөлегин қурайды. Бундай композициялық формада ой-пикир қосық қурылысының бармақ өлшеминдеги қатаң қағыйдаларына бойсындырылды ҳәм әлбетте, тилдиң образлылығында қолланылыўы менен үлкен табысларға еристи. Образлы пикирлеўдиң еле де жетилисиўи жаңа формаларды талап етти. Сол арқалы поэзияда модернистлик ой сүриў ҳәм оған сәйкес жаңа еркин қосық формасы кирип келди. Татар әдебиятшысы Д.Загидуллина символлардың XX әсир модернизмниң татар әдебиятына трансформациясын үйрене отырып олардың үш қатламын бөлип көрсетеди: бириншиси – улыўмамәдений жобадағы, екиншиси – халықтың өтмишин ҳәм ҳәзирин өз ишине қамтыған халықлық-миллий, тарийхый ҳәм мифологиялық ҳәм соңғысы – нравлық, философиялық яки миллий-халықлық ойларын жеткерип бериўши аллегориялық образлар [4:255]. Бундай қубылыс қарақалпақ лирикасында да өткен әсирдиң 80–90-

жылларында жүз берген еди. Метафора-символикалық тил менен сөйлеў, уйқас ҳәм ырғақ тәртибин бузыўшы еркинлик, қосықлық формадан гөре прозалық тил ҳәм прозалық формаға жақынласыў сыяқлы белгилер модернистлик әдебияттың тийкарғы өзгешеликлери болды. Дүзимлер алмасқан ўақытларда жәмийетлик қарама-қарсылықлардың болатуғыны сыяқлы, әдебиятта да жаңа әдебий ағым ҳәм жөнелислер, ҳәттеки, бир форма кирип келгенниң өзинде «жатырқаў»дың болатуғыны тәбийий. Қарақалпақ лирикасында да модернистлик жөнелисте дәслеп көпшилик шайырлар өз қәлемин сынап көрди ҳәм бул олардың дөретиўшилигиндеги эксперимент ретинде қалып кетти. С.Ибрагимов ҳәм Б.Генжемуратов модернизмди мазмун жақтан да, формасы жақтан сап жаңалығы менен қоллап көрди. Себеби, шайырлар шығармаларындағы лирикалық қаҳарман терең пикирли, тасқынлы, жигерли. Бул оның қосықларының тек мазмунында емес, ал ырғағында да байқалады. Соңынан, Б.Генжемуратов изленислери нәтийжесинде дәстүрий қосық үлгисин көпшилик окыўшылар ҳәм әдебиятшылар дәрриў қабыл етпеген модернизмниң шексиз еркинлиги менен синтезлеп, поэзиямызда жаңаша жол таба алды. Бунда ол мазмунды жеткерип бериўде модернизмниң метафора-символикалық тилин, сүўретлеўдеги еркинликти ҳәм өзгеше сүўретлеў усылларын өз индивидуаль изленислери менен дәстүрий қосық формасындағы өлшем бирликлериниң турақлы қәлибине салды ҳәм жаңа сападағы лириканы пайда етти. Сонлықтан, шайыр қосықларында инсанның руўхый еркинлиги улығланады. Ал, С.Ибрагимовтың кейинги дөретиўшилигинде постмодернистлик пикирлеў үстинлиги көзге тасланбақта ҳәм ол бундай пикирлеў усылын жүзеге шығарыўда верлибрдиң имканиятларынан өнимли пайдаланбақта.

Лирикалық шығарма композициясындағы верлибрлик қурылысқа тән изленислердиң басламасы қарақалпақ лирикасында Ш.Сейтовтың қосықларында өз көринисин тапқан еди. Оның лирикасындағы формалық изленислер арнаўлы түрде А.Досымбетованың, сондай-ақ, еркин қосықларындағы формалық изленислери бағдарында О.Гайлыеваның изертлеўлеринде кең түрде анализге тартылды. А.Досымбетова шайырдың қосықларындағы композиция қурыў өзгешелигин «синтаксислик бирликлердиң өзине тән қурылысы ҳәм қатарларда жайласыў өзгешелиги айырым сөзлерге өзгеше мәни ҳәм пикир өткирлигин жүклеўден келип шығады ҳәм қосықтағы мазмун еркинлигине байланыслы болады», дей келип, Ш.Сейтовтың төмендеги қосық қатарларындағы өзгеше композициялық қурылысты «сөзлер қурамындағы ҳәр бир үнли сес созыңқылығын аңлатыў ушын қайталанып келиўи де сезимлик эмоцияны пайда етеди. Мәлим бир шәраяттың, процесстиң ўақытқа байланыслы даўамлылығын билдириў менен бирге, қосық ритминиң қурамаласыўын жүзеге келиреди» [5:17] – деп дурыс белгилеп береди:

Ай, Куяш жо-оқ!..
Шақма-ақ!..
Булытла-ар!..
Қараңғы-ы!..
Нурдың нырқын түн шығарар,–
Түн айтар!..

Ш.Сейтов ҳәм ишки, ҳәм сыртқы қурамалы композициялық қурылыста қарақалпақ лирикасында әжайып үлгилер қалдырды.

Улыўмаластырып айтқанда, композиция – көркем пүтинликти тәмийинлеўши тийкарғы категориялардың бири сыпатында шығарманы мазмун ҳәм формалық жақтан шөлкемлестириўде өзиниң ишки нызамлылықларына ийе, сонлықтан, қарақалпақ лирикасында көмпозициялық жақтан раўажланыў өзгешелиги улыўма шығарма композициясының усы нызамлылығына сәйкес жетилисип барды. Бунда қосық композициясы ҳәр бир шайырдың индивидуаль изленислерине сәйкес түрде өзгериске ушырап, толысып бара береди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. – Нөкис: Билим, 1992; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим, 2004; Гайлыева О. Ғәрезсизлик дәўири түркий халықлар лирикасында формалық изленислер ҳәм олардың типологиясы (Өзбек, қарақалпақ, түркмен лирикасы мысалында). – Нөкис: Билим, 2018; Досымбетова А. Ш.Сейтов лирикаларында көркем форма (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин қосықлардың формалық өзгешеликлери): Филол. илим. канд. диссертациясы. – Нөкис, 2008.
2. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим, 2004.
3. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. – Нөкис: Билим, 1992.
4. Загдуллина Д. Модернизм ҳәм XX йез башы татар прозасы. Казан: Татар. кит. нэшр., 2002.
5. Досымбетова А. Ш.Сейтов лирикаларында көркем форма (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин

қосықлардың формалық өзгешеликлери): Филол. илим. канд. диссертациясы. – Нөкис, 2008.

**Қорақалпоқ лирикасида шеърий композиция тузилишидаги тамойиллар**
**Тлеуниязова Г.Б.**
*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*

Мақолада 1990 йиллардан кейинги қорақалпоқ шеъриятида кечаётган жараёнлар, тараққиёт тамойиллари, хусусан, асар композициясига оид хусусиятлари таҳлил қилинади. Адабий жараёндаги ўзгаришларда мамлакатнинг тарихий-сиёсий ҳаётида юз берган ижтимоий-сиёсий ҳолатлар, бутунжаҳон глобал интеграциялашиш жараёнининг таъсири ва шоирларнинг индивидуал изланишлари асосий фактор бўлганлиги белгилаб берилган. Композиция бадиий яхлитликни таъминловчи асосий категорияларнинг бири сифатида асарни мазмун ва шакл жиҳатидан ташкиллаштиришда ўзининг ички қонуниятларига эгалиги, шунинг учун қорақалпоқ лирикасида шеърий композиция ривожланишида умумий асар композициясининг ушбу қонуниятларига мос такомиллашиб бориши, бунда шеър композицияси ҳар бир шоирнинг индивидуал изланишларига нисбатан ўзгаришга учраши ҳақида хулосага келинган.

**Тенденции в структуре поэтической композиции в каракалпакской лирике**
**Тлеуниязова Г.Б.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье анализируются процессы и принципы развития каракалпакской поэзии после 1990-х годов, особенности композиции произведения. Определено, что общественно-политические условия, возникшие в историко-политической жизни страны, влияние глобального интеграционного процесса и отдельных изысканий поэтов были основными факторами изменений в литературном процессе. Сделан вывод, что композиция, как одна из основных категорий, обеспечивающих художественную целостность, имеет свои внутренние закономерности в организации произведения по содержанию и форме, поэтому в развитии поэтической композиции в каракалпакской лирике композиция общего произведения совершенствуется по этим законам, по которым меняется композиция стихотворения по отношению к отдельным изысканиям каждого поэта.

**Trends in the structure of poetic composition in Karakalpak lyrics**
**Tleuniyazova G.B.**
*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

The article analyzes the processes and principles of the development of Karakalpak poetry after the 1990s, and the features of the composition of the work. It was determined that the socio-political conditions that arose in the historical and political life of the country, the influence of the global integration process and individual research of poets were the main factors of changes in the literary process. It is concluded that composition, as one of the main categories that ensure artistic integrity, has its own internal laws in the organization of the work in terms of content and form, therefore, in the development of poetic composition in Karakalpak lyric poetry, the composition of the overall work is improved according to these laws, according to which the composition of the poem changes in relation to to the individual researches of each poet.

---

# ҚАРАҚАЛПАҚ РОМАНЫНДА ӘЖИНИЯЗ ОБРАЗЫ
## (Әдебий-сынлық хәм илимий дереклерге талқы)

**Нуржанов П., Турдыбаева А.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис қаласы*

Қарақалпақ әдебиятының XIX әсирдеги раўажланыўы басқа дәўирлерге қарағанда ажыралып турады. Өйткени, бул дәўирде қарақалпақ жазба әдебияты толық қәлиплести. Әжинияз Қосыбай улының көркемлиги жоқары хәм терең идеялы шығармалары халықтың алтын ғәзийнесине үлкен үлес болып қосылды. Әжинияз жоқары медиресе билимине ийе, шығыс әдебиятының үлгилери менен жақыннан таныс, өз заманының алдыңғы қатардағы шайыры. Оның өмири хәм дөретиўшилиги көп ғана әдебиятшы алымлар тәрепинен изертленип, ҳәттеки ол ҳаққында романлар да жазылды. Мысалы, К.Султановтың «Әжинияз», К.Мәмбетовтың «Бозатаў» шығармаларын атап өтсек болады. Биз мақаламызда К.Султановтың «Әжинияз» романы ҳаққындағы әдебий-сынлық мақалалар хәм илимий дәреклерге талқы ислеў арқалы илимий-теориялық жуўмақ ислеўди өз алдымызға мақсет етип қойдық.

Ҳәр қандай қунлы дөретпе баспа жүзин көрген соң ол ҳаққында әдебий сынлық мақалалар пайда бола баслайды. К.Султановтың «Әжинияз» романы ҳаққында да бир қанша илимий-сынлық мақалалар жазылды. Мысалы, К.Худайбергеновтың «Әжинияз ҳаққында ойлар» [4] мақаласында роман ҳаққында критикалық қатнас басым. Ал, С.Ахметов романға улыўма унамлы пикир билдиреди хәм К.Худайбергеновтың бул шығарма ҳаққындағы пикирлеринде дәлиллердиң жетиспейтуғынлығын көрсетип өтип былайынша жуўмақ ислейди: «Автор дәўирдиң шынлығын ашып бере алды. Халықтың үрп-әдетин шебер берди, оқыўшының ядында қаларлық образлар